



Pou Piblikasyon Imedya: 06/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL ANONSE DEZIYASYON COVID-19 LA ANTANKE YON MALADI ENFEKSYE NAN LÈ A DAPRE LWA HERO ETA NEW YORK LA**

***Deziyasyon Depatman Sante Eta New York la egzije tout anplwaye yo mete anplas plan sekirite pou ede pwoteje travayè yo kont COVID-19 la***

***Lwa a pwoteje anplwaye yo kont reprezay akòz yon plent konsènan anplwayè a ki pa respekte Lwa oswa Plan ki adopte a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke komisè sante a te deziyen COVID-19 la kòm yon maladi wotman kontajye ki prezante yon risk nwizans grav pou sante piblik la dapre Lwa HERO Eta New York, ki egzije tout anplwayè yo mete anplas plan sekirite nan plas travay la nan ka enfeksyon nan lè, ap ede prevni enfeksyon nan plas travay yo. Lwa HERO NY egzije nouvo pwoteksyon elaji pou sante ak sekirite nan espas travay la nan repons ak pandemi COVID-19 la. Dapre Lwa a, yo egzije tout anplwayè yo adopte yon plan sekirite nan plas travay la, epi aplike li pou tout maladi enfeksye nan lè ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la deziyen yo. Anplwayè yo ka adopte yon modèl plan sekirite jan Depatman Travay Eta New York la, oswa devlope pwòp plan sekirite yo nan konfòmite ak règleman Lwa HERO yo.

"Pandan n ap kontinye ogmante kantite vaksen nou yo, konba kont varyan Delta a pa fini, epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou pwoteje travayè nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Deziyasyon an ap asire ke pwoteksyon yo anplas pou kenbe travayè nou yo an sekirite epi sipòte efò yo pou konbat viris la epi fè pwomosyon sante ak sekirite."

Objektif Lwa HERO a se pou asire ke biznis yo prepare ak pwotokòl ak resous pou pwoteje anplwaye yo ak piblik la kont pwopagasyon maladi enfeksye nan lè yo, tankou varyan Delta COVID la.

Dapre Lwa HERO a, DOL nan konsiltasyon ak DOH la te devlope yon nouvo Règ pou Prevansyon Ekspozisyon Maladi Enfeksye nan Lè, yon Plan Prevansyon kont Ekspozisyon Maladi Enfeksye nan Lè, ak plan modèl patikilye sektè a pou prevansyon maladi enfeksyon nan lè. Enfòmasyon siplemantè ak modèl ki patikilye ak sektè a pou anplwayè yo disponib sou [sitwèb](#) DOL la.

**Senatè Michael Gianaris te deklare,** "Mwen rekonesan anpil ak Gouvènè Hochul ki te aji rapidman pou sove epi pwoteje travayè yo lè li aplike Lwa HERO New York la. Sa te pran twòp tan pou fèt epi twòp travayè te deja sakrifye sante yo pou benefis kominote a, men nou ka finalman rekonèt efò yo lè nou bay travayè yo zouti pou pwoteje tèt yo pandan yo nan travay."

**Manm Asanble Karines Reyes te deklare,** "Nouyòkè yo te t ap tann avèk enpasyans reouvèti eta nou an nan tout sekirite. Avèk varyan Delta COVID-19 a ki pi kontajye k ap ogmante a, nou dwe pran tout mezi aktif ke nou kapab pou kenbe viris la sou kontwòl. Mwen felisite Gouvènè a paske li pran mezi rapidman epi mande Depatman Sante a pou idantifye COVID-19 la kòm maladi "wotman kontajye." Aplikasyon konplè Lwa HERO NY la, ap asire ke biznis atravè eta a genyen pwotokòl sekirite anplas pou pwoteje anplwaye ak kliyan yo kont maladi enfeksye nan lè tankou COVID-19 la."

**Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York la, te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li pran mezi ki desizif, patikilyèman nan Jounen Fèt Travay la, pou asire ke Lwa HERO NY ki enpòtan anpil la aplike nan objektif li, pou pwoteje travayè yo kont COVID-19 la ak maladi kontjye alavni yo. Depi premye jou a, Gouvènè Hochul te pwomèt pou travay nan kolaborasyon ak Lejislati a ak Mendèv la pou bay rezilta pou moun k ap travay yo, epi mezi sa akonpli pwomès sa. "

**Pat Kane, RN, Direktè Egzekitif Asosyasyon Enfimyè Eta New York la (New York State Nurses Association), te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li fè sante ak sekirite nan plas travay la yon priyorite lè li aji sou Lwa HERO NY la nan jounen Fèt Travay sa. Sa ap asire ke dwa tout enfimyè nou yo ak tout moun k ap travay nan yon anviwònman travay nan tout sekirite pandan pandemi COVID-19 la, aplike epi pwoteje."

**Vincent Alvarez, ki se Prezidan Konsèy Mendèv Santral Vil New York la (New York City Central Labor Council), AFL-CIO, te deklare,** "Nou rekonesan ak Gouvènè Hochul pou lidèchip solid li pandan n ap kontinye goumen kont varyan COVID yo, epi paske ou pran mezi pou kenbe travayè yo an sekirite. Travayè yo te sakrifye twòp deja pandan pandemi sa, epi deziyasyon sa ap ede asire ke okenn travayè pa bezwen riske pwòp sante ak sekirite yo, oswa ke fanmi yo kontinye bay sèvis esansyèl pou Vil ak Eta nou an."

**Stuart Appelbaum, Prezidan Retail, Wholesale and Department Store Union, deklare,** "Jan pandemi an te mete aksan ankò, sekirite nan plas travay la dwe yon priyorite. Nou dwe règ ki ka aplike nan nivo eta a ki prevwa nan Lwa sa pou kenbe tout Nouyòkè k ap travay yo an sekirite. Yo pa ta dwe fòse okenn travayè sakrifye sante ak sekirite pou ganye lavi yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li anonse ke Komisè Sante a te deziyen COVID-19, yon risk grav pou sante piblik la dapre Lwa Hero Vil NY la. Se fason ki apwopriye pou selebre Fèt Travay la an 2021."

**Prezidan Konsèy Konjwen Teamsters 16 la, Thomas Gesualdi, te deklare,**

"Teamsters ak lòt travayè esansyèl yo te rete nan travay la pandan tout pandemi an, souvan san pwoteksyon yo te bezwen an sekirite, pou fè eta nou an soti nan kriz la. Kòm varyan Delta a kontinye ap sikile epi plis Nouyòkè ap retounen nan travay, deziyasyon sa ap asire ke travayè yo gen règ ki ka aplike ke yo bezwen pou fè travay yo nan tout sekirite epi ale lakay yo al jwenn fanmi yo. Nou felisite Gouvènè Hochul paske li pran mezi sa pou pwoteje travayè esansyèl nou yo."

**Beverley Brakeman, Direktè Rejyonal, United Auto Workers Region 9A, te deklare,** "Pa gen omaj ki pi apwopriye pou onore Jounen Travay la jodi a, epi tout travayè yo toujou ap travay pandan pandemi COVID-19 la, epi pou aplike Lwa Hero NY la nèt. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li pou di anplwayè yo ke yo dwe bay travayè yo, ki se nanm biznis yo, yon anviwònman travay ki an sekirite. Aplike Lwa Hero NY la nèt, ke mendèv ak gwoup kominotè yo travay pou reyalize a, se yon premye gwo etap."

Plan anplwayè yo adopte yo dwe abòde yon kantite mezi sekirite, ki enkli men ki pa limite ak: depistaj sante anplwaye yo, egzijans mask ak distans sosyal, estasyon ijyèn nan plas travay la, pwotokòl netwayaj nan plas travay la, pwotokòl karantèn, ak teknoloji sikilasyon lè nan bilding.

Yo egzije anplwayè yo distribye plan sekirite nan travay yo pou tout anplwaye yo epi pibliye li nan yon kote ki vizib epi evidan nan chak plas travay.

Anplis, Lwa HERO a enkli pwoteksyon kont reprezay pou anplwaye yo ki entèdi diskriminasyon oswa mezi negatik kont yon anplwaye paske li swiv obligasyon plan sa yo, repòte enkyetid yo sou mizanplas yon plan, oswa refize travay.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)